

# LI FASIL POU ENSKRI W.



Rele (617) 466-4209 pou pale ak yon reprezantan vil la



Visite [www.chelseama.gov/special-needs](http://www.chelseama.gov/special-needs) pou ranpli yon Fòm Anrejistreman anliy



Visite Chelsea City Hall pou ranpli yon Fòm Anrejistreman an pèsòn



## PREPARE W POU YON IJANS

- Medikaman ak linèt sou preskripsyon
- Enfòmasyon pou kontakte sèvis ijans
- Kopi dokiman enpòtan ak dosye medikal
- Dlo nan boutèy ak atik manje ki pa gate
- Sipoze / ekipman medikal

## VIL CHELSEA

# REJIS BEZWEN ESPESYAL



Yon mesaj ki soti nan vil Chelsea

## VIL CHELSEA A TE KREYE YON REJIS VOLONTÈ BEZWEN ESPESYAL POU IDANTIFYE REZIDAN KI KA BEZWEN ÈD SIPLEMANTÈ PANDAN YON GWO IJANS.


...tankou yon evekyasyon an mas, yon ijans sante publik tankou yon pandemi, oswa yon emèjans endependan tankou yon kriz sante oswa yon dife lakay ou.

Rejis sa a se pou rezidan ki gen andikap, kondisyon kwonik, ak/oswa bezwen swen sante espesyal ki abite lakay yo. Rejis sa a pa pou moun ki nan yon etablisman swen tankou yon lopital, yon mezon retrèt oswa yon etablisman asistans.

Lè w enskri nan rejis sa a, sa ap ede ofisyèl jesyon ijans vil la planifye, prepare yo epi reponn a bezwen kominote a nan ka yon ijans. Sonje byen, premye liy defans kont katastwòf la se preparasyon pèsonèl. Patisipasyon nan rejis la pa garanti okenn dwa espesyal oswa privilèj.

Enfòmasyon w yo pral estoke an sekirite epi y ap itilize yo sèlman nan kad preparasyon oswa repons pou ijans .

## ENSKRI W POU REJIS BEZWEN ESPESYAL LA SI OU:



Sèvi ak sistèm sipò lavi, tankou oksijèn oswa yon vantilatè pou poumon



Gen pwoblèm pou mache oswa bezwen yon chèz woulant oswa yon machè pou deplase



Avèg, soud, oswa ou gen pwoblèm pou tande



Sèvi ak yon bèt asistans



Gen andikap lapawòl, entelektyèl oswa sante mantal

**ENSKRI W JODIA**

